



APLIKASYON POU OTORIZASYON TANT
DEPATMAN TRANSPÒ

MINISIPALITE: _____ BLÒK #: _____ PASÈL #: _____ DAT: _____

Aplikasyon sa a se pou mande otorizasyon pou mete epi pou mentni yon tant sou twotwa nan antre bilding oswa lokal ki nan:

[Empty rectangular box for address]

(Adrès pwopriyete kote yo pral mete tant a)

Dimansyon Tant la: Longè: _____ Lajè: _____ Wotè: _____ Distans nesèsè: _____

Kalite tant:

Otèl [] Rezidans [] Restoran [] Divè [] Restoran sou Twotwa []

Lòt: _____ (Tanpri presize)

Moun k ap aplike pou otorizasyon tant yo dwe soumèt bagay sa yo bay Inite Enspeksyon Otowout ak Asirans Kalite (Highway Inspection and Quality Assurance Unit, HIQA):

- 1. Konsantman ekri notarye nan men pwopriyete a pou mete epi pou mentni tant lan.
2. Yon deklarasyon osijè detay debaz konstriksyon an ki gen detay sa yo ladan: kalite, deskripsyon ak koulè nan kouvèti tant lan; kalite, dyamèt ak kalib nan tout pyès sipò yo; deskripsyon kad lan, vewouyaj pou van, ak atach sou twotwa ak bilding; deskripsyon ki ekri sou pwopozisyon kouvèti tant la ki gen ladan mo egzat ak dimansyon yo; foto twa (3) pous pa senk (5) sit ki pwopoze a.
3. Yon deklarasyon ki eksplike plan ak konstriksyon tant la konfòme ak detay estanda konstriksyon H1029 yo. Tant la dwe kouvri nèt.
4. Yon desen ki montre tant la; dimansyon, pozisyon ak tout enstalasyon ak mèb ki nan yon distans 15 pye pa rapò ak toulède bò tant la.
5. Sètifikasyon fabrikan an ki di kouvèti a pa ka pran dife. Si ou pa ka jwenn sètifikasyon nan men fabrikan a, ou ka soumèt sètifikasyon moun ki te enstale li a pito.
6. Si sa aplikab, konsantman nan men Komisyon Prezèvasyon Sit Enpòtan (Landmarks Preservation Commission, LPC) pou mete yon tant nan yon sit enpòtan, distri istorik, oswa yon tant ki atache ak yon bilding ki gen yon deziyasyon istorik LPC ba li.
7. Si aplikasyon sa a se pou yon Restoran sou Twotwa, aplikan an dwe soumèt apwobasyon alekri devan Depatman Afè Konsomatè NYC.

Y ap akòde otorizasyon sa a dwe plwave devan kondisyon sa yo:

Aplikan an dakò pou l respekte tout lwa ak règ Depatman an ak tout lòt lwa ak règ ki aplikab.

Siyati ak Rekonesans Aplikan an :

Ekri ak lèt detache: _____ Siyen: _____ Dat: _____
(Ekri non aplikan an ak lèt yo detache) (Siyati aplikan an)

Approved by: _____ Date: _____
(HIQA Borough Coordinator Signature)

Apre ou fin jwenn otorizasyon HIQA pou tant la, ou dwe soumèt bagay sa yo nan Biwo Jesyon Pèmi an:

- 1. Aplikasyon pou Pèmi:
a. Pèmi pou enstale - Yo bay kontraktè yo pou nouvo tant yo,
b. Pèmi pou antreteni - Yo bay pwopriyete yo pou nouvo tant ak pou tant ki deja la.
2. Garanti pou Pèmi. Gade nan Règ ak Règleman Otowout la §2-02 (4) - Nesèsè sèlman pou pèmi enstalasyon.
3. Asirans Responsablite Jeneral Komèsyal ak sètifikasyon koutye a dwe bay.

ENPÒTAN: Biwo pèmi an ap aksepte kat kredi gran konpayi yo, chèk postal (money order) chèk konpayi ak chèk sètifye. NOU PA AKSEPTE CHÈK PÈSONÈL.